VIH EDICIÓN 2025

InfoVIHtal

INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH




# Nanpal sa dom ak diangoroy VIH

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

# Nanpal sa dom ak diangoroy VIH


01 Nanpal sa dom ak diangoroy VIH

02 Nampal ak méwou biberon

03 Yangui khalate nampale ak sa wénou boppeu?

04 Lou ame sola

01

# Nanpal sa dom ak diangoroy VIH

Patche miye khékhe diangoroye VIH, bolé chi di déme sa keuro doctor di chaytou sa wérgu yaram, dina takhe djiguéne gni eumbeu dina gnou meuna nék yaye, ame dome bou mouche si diangordji té dounou amé domou diangorodji si séne yarame. Name nampal bi gueuna mouche si ayib, moy diokhe ko méwou biberón, wanté ninou ko wakhé si kawe, boudé yaye dji mingui dieule ayes garabames biye khékhe diangorodji, bolé chi di déme keur doctorame di chaytou wérgou yaramame, meuna nampal ak wéname.

Garabe biye khékhe diangoroye VIH, dina wagni domou diangoro dji su sa bire déréte. Boudé dém ng aba domou diangorodji meunou gnou ko guisse si sa bire déréte, lolou dina firndéle né yawe meune nga séye ak ko beugueune téle té doléne di dieufeundiko kawasse wala bénéni khétou kirangué, té dará dou chi meuna ame wala fékeu léne chi. Gni ngui koye wowé “Li gnou meunou guisse meunou gnou ko walanté” o I=I.

Lo lou khibar bou ame sola la si nites gni amé diangoroye VIH, dina takhe gnou meuna ame doundou gou moucheu si ayib si mbiroume séye yo chi dina gnou meuna ame dome si yonou séye bou normal. Yokou chi, boudé kou djiguéne ki mo amé diangoroye VIH, boudé mi ngui dieule ayes garabames biyes khékhes diangoro dji si bimou eumbé, dina wagni bou am sola risk yi domame djoudou ak domou diangor dji si yaramame.



02

# Nampal ak méwou biberon

Name li gnou wakhe lépeu si I=I, si mbiroume nampale gui si wénou yayame, nanou chiye déffe ndank, ndakhe risk bi yaye dji meune na waleu domame diangorodji si méwame meuna nék. Lo lou mo takhe, amna yayes yo khamné danouye beugueu diokhe séne dome méwou biberón si réw yi nga khamné dano ame ndkhe mou mouchou si ayib.

Diokhe sa dome méwou biberón, meuna mouchal sa dome si diangoros you beurri. Lo lou dou woné né yawe yaye djou bone nga ndakhe nangouwo nampal sa dome.

Fi si réwou Espagne, méwou biberon yi, danou koye maye khalé yi séne yayes amés djiangoroye VIH. Bo chi beugué ame khibar si beurri, nangako lache si keur doctor bi sa dome djoudo wala fi gnou laye chayto sa diangoroye VIH. Meune nga ko lache tamite si fi service sociales yi nék (meune nga ko guisse si keuyite bi khatime InfoVIHtal) bo beugué khame lou beurri  si services sociales yi)

+ Info



03


# Yangui khalate nampale ak sa wénou boppeu?

Nampal sa dome si bou naturel ak sa wéne, amna ayes ngueunél si sa dome ak yawe miye yayame. Si réw yi ame ayes keurous doctor you mouche si ayibes fou melni si réwou Espagne, li gnou guisse, firndéle na ni boudé amnga thieytou a topou gou mouche si ayibe si sa wérgou yaram, nampal ak wéne meuna nék yone bou wore.

Boudé danga guisse né nampal ak wéne mo gueuna bakhe pour sa dome, nanga chi wakhtane ak sayes docotores ndakhe gnou meuna wagni risk yi. Saguisse guisse ware nanou chi bayi khéle.

Boude sa beugue beugue moye diokhe sa wéne sa dome pour mou nampeu, warnga bayi khéle ponkou yi:

- Ware nga nane garabe biey khékhe diangoroye VIH pour gnou bagna guisse domou diangoro dji si sa bire yarame;
- Di bayi khéle si yawe ak sa dome guéne bagna ame ayes diafé diafés si séne bire (bire bouye dawe, di wachou), ak
- Nga bagna ameu béne gagnou gagnou wala ayes léguéte si sa deuneu (thoussou wéne bou khare, bouye guéné déréte, deuteu wala bépeu khétou diangoro).



InfoVIHtal
INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH

04

# Lou ame sola:

Risk waleu sa dome, domou diandoroye VIH, meuna nék zero fi si réwou espagne boudé gouné gui migui nampeu al méwou biberón.

Amna fi si réwmi, ayes kouréles you la meunala yombal si dará méwou biberón lire yi séne yaye amé diangoroye VIH.

Beugue beuguou yaye dji amna sola torape. Nampale ak wénou yaye dji meune na nék tamite, wanté dafa ladje thiaytou bou wore si sa keur doctor.



grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH

ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS

**Tel. 93 458 26 41**

**Descargo de responsabilidad**

La información contenida en esta ficha no pretende sustituir la recibida por el médico. Las decisiones referentes a la salud siempre deberían tomarse tras consultar con los profesionales sanitarios.
La información médica puede quedar desactualizada con rapidez.
Si te surge alguna pregunta tras leer esta ficha, te aconsejamos hablar con tu médico o enfermera o llamar a gTt-VIH, al 93 458 26 41, para comprobar si existe alguna novedad relevante al respecto.


SUBVENCIONA

GOBIERNO DE ESPAÑA | MINISTERIO DE DERECHOS SOCIALES, CONSUMO Y AGENDA 2030

POR SOLIDARIDAD
OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL

MINISTERIO DE SANIDAD | SECRETARÍA DE ESTADO DE SANIDAD | DIRECCIÓN GENERAL DE SALUD PÚBLICA Y EQUIDAD EN SALUD | DIVISIÓN DE CONTROL DE VIH, ITS, HEPATITIS VIRALES Y TUBERCULOSIS

Generalitat de Catalunya

Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya

Diputació Barcelona | Àrea d'Igualtat i Sostenibilitat Social

Ajuntament de Barcelona

COLABORA

ETIS
EQUIP DE TREBALL SOBRE INMIGRACIÓ I SALUT

Vall d'Hebron Barcelona Campus Hospitalari | eSPiC Equip de salut pública i comunitària